

Bluebird Kids Health

Apèsi sou Sant Medikal ki Santre sou Pasyan (PCMH)

Nan Bluebird Kids Health, nou fyè pou nou sèvi kòm **Sant Medikal ki Santre sou Pasyan (Patient-Centered Medical Home, PCMH)** pou timoun ou an. Sa vle di nou itilize yon **apwòch ki chita sou travay an ekip (team-based approach)** pou n bay swen ki kowòdone, konpatisan epi konplè ki plase timoun ou an ak fanmi w nan sant tout sa n ap fè.

Kisa ki yon Sant Medikal ye?

Yon Sant Medikal plis pase yon senp espas kote w al fè tchèkòp. Se yon **patenarya** ant fanmi w ak ekip k ap pran swen timoun ou an - ki sou kontwòl yon pedyat oubyen yon pwofesyonèl swen eksperimente - ki fèt pou bay pi bon swen yo, pi bon komunikasyon ak pi bon rezulta nan kesyon sante anmezi tan ap pase.

Angajman Nou Fas ak Ou:

Kòm Sant Medikal Timoun ou an, Bluebird Kids Health ap:

- **Kowòdone swen** yo nan tout kontèks - espesyalis, terapeut, lopital, ak resous kominotè
- **Itilize medsin ki baze sou prèv** ak zouti ki pi modèn pou bay swen pèsonalize wo kalite
- **Suiv pèfòmans** yo epi chèche yon amelyorasyon pwogresif nan swen yo ak rezulta yo
- **Ofri aksè** ak swen lè w gen bezwen - gras ak randevou fasil, orè ki elaji ak yon asistans andeyò lè yo fonksyone yo
- **Bay swen preventif, vizit medikal, epi pran ka maladi grav**, tout sa nan yon sèl espas la
- **Bay fanmi yo** mwayen pou yo aji gras ak zouti edikatif yo, resous ak nan pran desizyon ki pataje
- **Kominike** atravè plizyè mwayen, sa ki gen ladan atravè **pòtay pasyan sekirize a** pou mesaj, renouvèlman, fòmilè, rezulta, ak lòt ankò

Fason w Kapab Ede

Nou konsidere relasyon nou ak fanmi yo tankou yon patenarya ki ale nan doub sans. Ou kapab ede nou bay pi bon swen posib pandan w ap:

- **Patisipe nan swen timoun ou an**, tankou pandan w ap suiv plan swen yo epi pataje kòmantè sou eksperyans ou avèk nou
- **Itilize pòtay pasyan an** pou w rete konekte epi enfòme
- **Fè nou konnen** si timoun ou an konsilte yon founisè swen ekstèn (espesyalis, vizit ER elt.) pou nou ka kowòdone swen yo yon fason efikas
- **Mete Kowòdone w yo ajou**

Nou fyè paske nou se patnè w nan kesyon swen. Nan travay ansanm, nou kapab ede timoun ou an devlope - jodi a epi pou ane k ap vini yo. Si w gen kesyon konsènan ekip swen timoun ou an oubyen sou apwòch nou an kòm sant medikal ki santre sou pasyan, pa ezite kontakte nou oubyen poze yon manm ekip la kesyon nan pwochen vizit ou a.